

BAB III

MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

3.1 Méhode Panalungtikan

Métode nya éta cara ngalaksanakeun sarupa pagawéan sahadé-hadéna (KUBS, 2007: 343). Méhode bisa dihartikeun ogé salaku hiji cara atawa hiji jalan anu dina téhnik panalungtikan ilmiah mah sok dianggap salaku cara gawé pikeun maham hiji objék paélmuan.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitis. Méhode déskriptif analitis nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, jeung teu nyieun ramalan. Tujuan panalungtikan déskriptif analitis nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu (Suyatna, 2002: 14). Surakhmad dina Anoegrah (2008) nétélakeun yén nu dimaksud panalungtikan kalawan téhnik déskriptif analitis téh nya éta panalungtikan anu ngajéntrékeun, nganalisa jeung masing-masingkeun panalungtikan kalawan téhnik survey, téhnik interview, angkét, obsérvasi, atawa téhnik tést.

Ieu métode téh baris dipaké pikeun ngadéskripsikeun ajén simbolis nu nyampak dina tradisi Upacara Nadran di Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

3.2.1 Téhnik Obsérvasi

Dina hiji panalungtikan teu kawatesanan kana naon anu katempo wungkul, tapi ogé pangalaman anu katarima ku indra saperti dédéngéan, bau jeung rasa. Téhnik obsérvasi aya anu sipatna partisipan nya éta panalungtik kalibet langsung dina kagiatan nu keur ditalungtikna (Danandjaja, 2002: 197). Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan prak-prakan tradisi Upacara Nadran di Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang.

3.2.2 Téhnik Wawancara

Gorys Keraf dina Anoegrah (2008) nétélakeun yén wawancara téh hiji cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan méré patalékan-patalékan sacara langsung ka masarakat nu tangtu. Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Désa Blanakan anu patali jeung tradisi Upacara Nadran anu fungsina pikeun nambahan réferensi.

3.2.3 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data anu mangrupa gambar. Anapon anu didokuméntasikeunana nya éta sakabéh barang jeung kajadian nua aya patula-patalina jeung prak-prakan tradisi Upacara Nadran.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrument anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

1. *Tape Rékorder*

Tip rékorder digunakeun pikeun ngarékan prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara jeung masarakat Désa Blanakan.

2. Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngadokumentasikeun hal-hal anu aya patulung-patalina jeung prak-prakan tradisi Upacara Nadran di Désa Blanakan.

3. Pedoman wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prak-wawancara jeung masarakatna, ngarah obrolanana museur kana tujuan nu hayang dihontal. Anapon pedoman wawancara anu di paké dina ieu panalungtikan nya éta :

I. Biodata Informan

1. Wasta : _____
2. Umur : _____
3. Pakasaban : _____
4. Atikan : _____
5. Alamat : _____

II. Daftar Pertanyaan

1. Naha tradisi Upacara Nadran masih kénéh dimumulé ku masarakat Désa Blanakan? Kumaha *antusias* masarakat kana éta Upacara Nadran?
2. Saha anu ngamimitian ieu Upacara Nadran (*pencetusna*)? Kumaha Sajarahna?
3. Ti iraha aya Upacara Nadran? Naon maksudna bet kudu aya éta upacara?
4. Irah lumangsungna Upacara Nadran téh naha unggal taun diayakeun atawa kumaha?
5. Kumaha balukarna lamun teu aya Upacara Nadran?
6. Kumaha prak-prakan Upacara Nadran ti mimiti rarancang, prak-prakanana nepi ka pasca Upacara Nadran?
7. Ma'na naon anu nyampak dina unggal simbol dina éta tradisi ti mimiti rarancang, prak-prakan jeung pasca Upacara Nadran?
8. Naon implikasi praktisna keur masarakat (pamayang) sabada dilaksanakeun eta upacara?

3.4 Populasi jeung Sampel (Sumber Data)

3.4.1 Populasi

Anu jadi populasi dina panalungtikan ieu nya éta masarakat palaku Upacara Nadran anu aya Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang.

3.4.2 Sampel

Tina populasi di luhur, dicokot sampel sacara random nya éta ku cara dicokot data sacara acak dumasar kana akurat henteuna éta data hartina diperhatikeun ogé sumberna ti saha jeung ti mana.

3.5 Léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah garapan dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi opat tahap, nya éta: tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap nyusun laporan, jeung tahap nyusun panalungtikan.

1. Tahap Tatahar

- 1) Ngalaksanakeun ulikan pustaka;
- 2) Ngasongkeun judul panalungtikan;
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) Konsultasi ka dosén pangaping.

2. Tahap Ngumpulkeun Data

- 1) Ngumpulkeun bahan nu aya patalina jeung panalungtikan;
- 2) Maca buku-buku ngeunaan budaya, jeung sajarah kabudayaan;
- 3) Observasi langsung ka lapangan;
- 4) Ngayakeun konsultasi ka dosén pangaping.

3. Tahap Nyusun Laporan

- 1) Niténan data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis data anu geus dititénan;

3) Nyindekkeun data nu geus diolah;

4) Nafsirkeun data nu geus diolah.

4. Tahap Nyusun Panalungtikan

Tahap anu pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta tahap nyusun panalungtikan. Léngkah-léngkahna nya éta:

PANGJAJAP

DAFTAR EUSI

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

1.2.2 Rumusan Masalah

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

1.3.2 Tujuan Husus

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.5 Wangenan Operasional

1.6 Anggapan Dasar

BAB II BUDAYA JEUNG TRADISI UPACARA NADRAN,
STRUKTURALISME JEUNG SÉMIOTIKA KATUT AMBAHAN
PANGAJARANANA

BAB III MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

BAB IV DÉSKRIPSI JEUNG ANALISIS AJÉN SIMBOLIS

DINA UPACARA NADRAN

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

DAFTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP NU NYUSUN

